



**KUFAMBA  
MUNGUVA  
YOKUOMERWA**

**JAMES RYLE**

**SOVEREIGN WORLD**

SHONA

**Kufamba**  
**Munguva Yokuomerwa**

**James Ryle**

**Sovereign World**

**Sovereign World Ltd**  
**P.O. Box 777**  
**Tonbridge**  
**Kent TN 11 OZS**  
**England**

Bhuku rino rakanyorwa na James Ryle muChirungu rikaturikirwa muChiShona .

nenhengo dze - **Bible Ministries**  
**P.O.Box 10025**  
**Harare**  
**Zimbabwe**

Kodzero dzose dzebhuku rino dzinofanirwa kuchengetedzwa. Bhuku rino harifanirwe kunyorwa patsva , kunyangwe kutsikirirwa( kana kukoponora) neimwe nzira ipi zvayo, musina kupiwa mvumo yokuzviita.

Magwaro akashandiswa mubhuku rino, akatorwa kubva muBhaibheri reChiShona . (muNdimi ye Union Shona) rakanyorwa neBhaibheri Society yemuZimbabwe

© British and Foreign Bible Society 1949 version.

Munyori webhuku rino wakabatsira kuunza nokuvaka huMambo hwaMwari. Munhu oga-oga anamazwisisiro aanoita. Munyori webhuku rino akanyora zvichienderana namanzwisisiro ake. Tinokurudzira munhu wose achawana mukana wokuverenga bhuku rino kuti azviwanire nguva yokunzvera pachake zvose zvaachaverenga mubhuku rino zvichienderana namanzwisisiro aanoita nokududzirwa kweshoko raMwari . Izvi ngazviitwe neMweya werudo nowokuyanana mukuda Mwari kose.

## ZVIRI MUKATI

		Page
	<b>Zvirimberu</b>	IV
	<b>Tsanangudzo yomunyori</b>	V
Chitsauko 1	Rwendo rwokuomerwa	1
Chitsauko 2	Gwenga raJuda	4
Chitsauko 3	Kutsinhira kokutanga Mugwenga Inzvimbo <i>yoKuidzwa</i>	9
Chitsauko 4	Kutsinhira kwepiri Mugwenga inzvimbo <i>yoKukura</i>	12
Chitsauko 5	Kutsinhira kwetatu Mugwenga inzvimbo <i>yoKuzorora</i>	16
Chitsauko 6	Kutsinhira kwechina Mugwenga inzvimbo <i>yoKudzoreredzwa</i>	20
Chitsauko 7	Kutsinhira kwechishanu Mugwenga inzvimbo <i>yoKugadzirira</i>	22
Chitsauko 8	Ndiyo mhinduro yako here ?	27
	Magumo	32
	Nhoroondo dzemharidzo	35



## *Zvirimber*

James Ryle akanyora nehunyanzvi hwoufundisi, kuti vose vachaverenga vaite sevanwa mvura inoraramisa yabva pamwoyo waMwari ichipinda mumoyo yavanhu Vake. Muzvikamu zvinotevera zvauchaverenga uchasangana nemhinduro dzedenga pamibvunzo yako yose yaunozvibvunza uri pasi pano. Manyorerwo akaitwa bhuku rino naJames Ryle mukuedza kunyatsotsanangura shoko raMwari, ndinofunga kuti newewo achakufadzawo.

Ndakatangira kuverenga bhuku rino mushure mekunge ndakumbirwa kuti ndizogona kupawo pfungwa dzangu kune vamwe vangangozoda kuriverenga, zvichisanganisa hama, navatendi, vaparidzi, vafundisi, navanofarira kuverenga mabhuku. Handina kuziva kuti Mwari akanga achitotaura neni nechekare, ndinovimba kuti achataurawo newe, mukuverenga kwauchaita bhuku rino.

Bhaibheri rinotsanangura huvepo hwaMwari kuburikidza nezvisikwa. Semuenzaniso, Mweya Mutsvene unotsanangurwa nemuyedzaniso wemafuta, moto kana mvura.

Jesu mukuparidza kwake kazhinji waipa muenzaniso wezvinyu zvinonekwa, sezvisikwa nezvirimwa zvakatikomberedza, achizviita kuti agonyatso-tsanangudza zveHumambo hwaMwari.

Munerimwe ramazuva ndakaverenga pamusoro penhau yekukosha kwe mvura, mumuviri womunhu . Zvinonzi izvo, “Chikamu chinopfuura makumi manomwe kubva muzana imvura mumuviri medu .Chikamu chimwe kubva muzana chemvura chikaderera tinonzwa nyota. Mvura yomumuviri ikaderera nezvikamu zvisere kubva muzana , zvinokonzera kuoma kwemukanwa kana kuti kushaika kwemate, ganda romuviri roshanduka ruvara . Munhu haakwanise kufamba, kana muviri wake uine zvikamu zvine makumi matanhatu kubva muzana zve mvura . Anofa kana mvura yomuviri wake iri pasi pezvikamu makumi masere anemasere kubva muzana .” ( *Parade Magazine*, August/ September 1998).

Kana mvura, ichikosha zvakadai mumuviri medu, zvino Mweya Mutsvene unotipa Mvura Youpenyu, unoraramisa mweya yedu , unozokosha zvakadai ? Serwiyo rwatinonzwa runoti “Ndichadurura mvura kuneuyo anenyota” runotsigira kukosha kweMweya Mutsvene muhupenyu hwako.

Mubhuku rino, James Ryle, anotidzidzisa kukosha kwezvatinozosangana nazvo munguva yokuomerwa. Inguva yatinozarurirwa huvepo hwenyasha, nengoni dzaMwari muhupenyu hwedu. Hakusi kungotaura chete asi kuti zvauchaverenga mubhuku rino zvinobatsira. Uchawana dzidziso yechokwadi yakavanzika yaMwari mumiveya wako, kunyangwe uri kurarama munguva yokuomerwa muhupenyu .

Fara mudikani nokuti wava kupinda muchikamu chokushandurwa , nokuropafadzwa pauchasangana neMvura Youpenyu, anova Ndiye, Jesu Kristu .

## *Mashoko Omunyori*

Takasvika nenguva pa Washington Dulles International Airport sezvatakanga takatarisira. Zvakatitorera nguva inoita se awa imwechete kuti tichisimuka kuenda kuCharleston. Takazvitsvagira zvinwiwa nezvokudya. Rumwe ruoko ndakanga takabata chinyoreso changu cherudzi rwe computer inonzi Laptop.

Ndaitarira vanhu vaifamba vachipfuura nepandakanga ndiri. Mukutarira vanhu ivavo zvakaita kuti nguva ive pfupi. Takamiririra kusimuka, mushandi wepa nhandare wakashevedzera, kuti ndege yaizononoka kusimuka nechidimbu che awa nokuda kwemamiriro okunze kwainaya. Izvi zvakaridzwa vimbiso yechokwadi kuti taizoenda nokukasika. Asi hazvina kuitika saizvozvo, takatozopedzisira tagara panhandare kwama awa anokwana gumi nerimwe. Mukumirira kwakadai ndege haina kuzouya, uyezve hatina kuzoenda nezuya iroto.

Zvakatitorera awa imwe tichimanidzirana navanhu vose vaive vava kubuda kuti vawane pokundorara. Isu takazowana nzvimbo yokunorara pane imwe hotera, tiine rutendo kuti neremangwana taizowana ndege yedu, kuti tipfuurire mberi nerwendo. Zuva raitevera zvose zvakafamba zvakanaka.

Ndiri mundege imomo yakananga ku Charleston, ndakanzwa kubatwa nechepamapfudzi angu kubva kumunhu akanga akagara mumashure mangu. Akandibvunza achiti; hausuwe James Ryle here? “Sei wabvunza? hongu ndini.” Ndakapindura ndakazvinipisa, ndakatarira nechepadivireziso rangu kuti zvichida angangoda kuziva nezvangu. Akazotizve kwandiri “Ndaive panzvimbo inonzi **Stand in the Gap** ipapo ndakakuona uchiparidza, zvose zvakaitika ipapo handizvikanganwe.” Ndakarangarira ndokubvuma zvaakataura ndikamutenda namashoko ake. Nhaurwa yedu yakapedzisira yava yerwendo. “Unoendepi?” wakandibvunza. “KuCharleston, kumusangano.” Ndakamupa kero yekwandaizoparidza nemusi we svondo, iye akati, waizoedza chose kuti avepo nemusi iwoyu. Ndege yamhara tose takabuda tikaenda mumwe nemumwe kunzira yake.



Tasvika muCharlestone, musangano wekutanga waiva wevafundisi panguva dzekudya kwamasikati, zvikazoteverwa neungano yavarume ,pataigoverana Shoko raMwari. Ipapo ndakarumwa chaizvo neumhutu. Zuva raizotevera fakaenda hedu kundozvivaraidza nokutamba golf, ikoko ndakaparidza kuvarume vakanga vauya kuzotamba golf.

Nemusi wesvondo ndakanyanya kufungisisa nezvandaifanira kuzoita . Ndakaona murume uya wandakambotaura naye ndiri mundege ! Akanga azunzwa nevhangeri mangwanani iwayo, mumaziso ake maive makazara nemisodzi , izwi rake richiita zvokudedera. “ Haungazive zvaitika muhupenyu hwangu nevhangeri yawaparidza mangwanani ano” wakadaro kwandiri.

Ini semutungamiriri weShoko raMwari ndakaparidza mharidzo dzakawanda mumakore akawanda kuvanhu vakasiyanasiyana. Dzimwe nguva pane vhangeri inenge inesimba yakakosha, ichigona kuzofungwa nevanhu vanenge vainzwa ichiparidzwa. Bhuku rino chibereko chevhangeri dzakadaro, dzandakaparidza ndiri kuCharleston.

Vhangeri yangu yokutanga ndakaiparidza mugore ra 1980. Ndinoyeuka kuti yakabatsira hupenyu hwavanhu vaivepo zuva iroro. Shamwari yangu yainzi John Wimber akatora vhangeri yangu, iye akandoiparidza kunzvimbo dzakawanda. Ndinemufaro nguva dzose nokuda kwevanhu vose vakawana mukana wokunzwa mharidzo iyoyo. Zvakangodaro hazvo, mharidzo, inofanirwa kunzverwa , mumwe nemumwe agopawo dudziro yake zvichiwirirana nezvinotaurwa ne Shoko raMwari Bhaibheri . Nechikonzero ichi ndakaisa vhangeri iyi muzvinyorwa zvebhuku rino kuti uwane mukana wokuzviverengera, handina kuita izvi kuti zvikubatsire iwe chete, asi kuti zvibatsire vakawanda pakunzwa nekuverenga shoko raMwari.Mwari ngaakubatsire mukuverenga kwauchaita bhuku rose, zvigokonzera moyo wako kudyara rutendo rweshoko raMwari nomufaro, pamberi Pake . Kunyangwe uri murwendo rwenguva yokuoma, nekuneta , panzvimbo yangere paunoona sepasina mvura youpenyu.

**James Ryle**